



## Kesyonè Pou Paran “Kindergarten” yo

Nou priye w pran detwa minit pou w reponn kesyon piba yo, epi voye kesyonè konplete an tounen bay pwofesè tounèf klas “kindergarten” pitit ou an. Kesyonè sa a pral ede pwofesè an konnen pitit ou an pi byen epi tou l ap fasilite pwogram enstwiksyon pou li. Mèsi!

NON TIMOUN LAN: \_\_\_\_\_ DAT NESANS: \_\_\_\_\_

KOTE L TE FÈT: \_\_\_\_\_ LAJ LI: \_\_\_\_\_

1. Nou priye ou ekri yon lis ki gen non ak laj tout frè ak tout sè pitit ou an, epitou tout lòt timoun k ap viv nan kay lan.

2. Kilès langaj nou pale plis nan kay lan? Èske gen lòt lang nou pale tou? Èske pitit ou an pale plis pase yon langaj?

3. Avèk kilès moun pitit ou an ap viv (nou vle di: manman, papa, granmè, ou lòt moun)?

4. Èske ou antrene pitit ou an pou li ale nan twalèt pou kont li? Si non, nan ki pwen li ye?

5. Dabitid a ki lè pitit ou an ale kouche?

6. Ki responsablite pitit ou an genyen nan kay kote n ap viv lan?



7. Tanpri di nou kisa ki ka fè pitit ou an pè (chen? Lè li pou kont li? Kisa?, etc).

8. Lè pitit ou an fache oubyen pa kontan, kisa ki kapab kalme li, ki ka fè kè li kontan?

9. Kisa pitit ou an renmen genyen ou renmen fè (interests and hobbies)?

10. Èske gen yon lòt bagay konsènan pitit ou an ou ta renmen pataje avèk nou («routine quotidienne», sa li renmen/sa li pa renmen)?

11. Èske pitit ou an gen alèji? Eksplike nou kisa ki ba li alèji an. Kijan sa rive.

12. Èske nan fanmi w gen selebrasyon espesyal ke ou ta renmen pataje avèk nou?

13. Èske pitit ou an te gen eksperyans anvan nan yon gadri oubyen nan yon lekòl matènèl (preschool or daycare setting)? Si w reponn wi, di nou non etablisman sa yo.

14. Kisa ou ta renmen pou pitit ou an jwenn nan pwogram “Kindergarten” pa nou an? Ki aktivite espesifik ou ta renmen wè nou kondui ane sa a? Kisa ou ta renmen wè rive?

15. Nou priye ou pataje kèk bagay espesyal konsènan pitit ou an avèk nou.

Èske gen kèk lòt enfòmasyon enpòtan ou ta renmen pataje yon ti jan pi an prive oubyen pi an sekre avèk nou. Nan ka sa a, tanpri plase yon randevou avèk pwofesè pitit ou an.

Nou voye meyè souwè nou ba ou pou yon lane eskolè eksitan k ap pwoche! Mèsi anpil pou tan sa ou pran pou w ranpli kesyonè sa a.